Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет
Республиканская народная газета Северной Осетии

РÆСТДЗИНАД

№ 111 (25840)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2023 азы 24 июн — хурхæтæны мæйы 24 бон, сабат

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆМГУЫСТАД НАУКÆЙЫ
Бафыстой бадзырд

3 КУЫД ЦÆРЫС, НЕ 'МЗÆХХОН, КÆМДÆР?
Тематикон фарс

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
Уæгъдибар хъæбысхæст

Нысантæ

Дарддæры социалон-экономикон райрæзты фыццаградон нысантæ

Ацы бонты Уæрæсейы экономикон рæзты министры хæдивæг Сергей НАЗАРОВ радон кусæг балцы уыд Цæгат Ирыстоны. Федералон министры хæдивæгæн Дзæуджыхъæуы цы бирæ фембæлдтытæ скодтой, уыдонæй иу уыд РЦИ-Аланийы Сæргъæуæг Сергей МЕНЯЙЛОИМÆ. Фембæлды архайджытæ стыр æргом аздæхтой республикæйы дарддæры размæцыды сæйрагдæр фæндæгтæ, фæбæлвырд кодтой социалон-экономикон райрæзты фыццаградон пъландтæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй 2021 азы августы Сергей Меняйлойæн сæрмагонд фембæлд уыд Президент Владимир Путинимæ. Уыцы фембæлды фæстиуæгæн фидаргонд æрцыд Цæгат Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзты сæраппонд Президенты амынддзинæдты номхыгъд. Уыцы гæххæтты бæстон хыгъд æрцыдысты фыццаградон æгъдауæй саразинаг æмæ сцалцæггæнинаг ахсджиагдæр социалон объекттæ, стæй дзы бынат разынд республикæйы дарддæры райрæзтæн ахъазгæнæг мадзæлттæн дæр. Ныр ацы фембæлды архайджытæ ногæй æркастысты, Президенты амынддзинæдтæ куыд æхххæстгонд цæуынц, уымæ. Сæрмагондæй æрдзырдæуыд 2030 азы онг РЦИ-Аланийы экономикон райрæзты бындурондæр проекттыл.

— Уыцы нысантыл кусгæйæ, республикæ уæрæх пайда кæны федералон Хицауады æхххуысы æппæт фадæттæй дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы æхххуыс хорзæрдæм ахады республикæйы экономикон хъомысыл, ахадгæ инвестиционон технологитæ царды рауадзыныл. Сæрмагондæй мæ фæбæрæг кæнын фæнды, УФ-йы Экономикон рæзты министрады 'рдыгæй дæр Цæгат Ирыстонæн æппæтвæрсыг æхххуыс кæй ис, уый. Не 'ппæт хъæппæристæм дæр министрады бæрнон кусджытæ се 'ргом раздахынц, не'ппæт фæндæттæн дæр аргъ скæнынц, — загъта Сергей Меняйло.

(Кæрон 2 фарсыл)

Фестивал

Суаргомы музейы…

22 июны Мысæн æмæ хъыгтæнæн боны фæлгæты, РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз бабæрæг кодта Майрæмададжы Суаргомы музей. Æрзылд мемориалон комплексы æппæт залтæ æмæ Аллейыл, Æнусон арты цур та æдзæмæй алæугæйæ ссардта æдзард хæстонты ном.

Музейы ис, йæ хъæбул кæмæн нал æрыздæхт хæстæй, уыцы мадæлтæн сæрмагонд зал дæр. Суаргом хъахъхъæнджыты музей, Цæгат Кавказы чысыл музейты æмрæнхъ ссис, аздзыд æрыгон курсантты номыл. Мемориалон комплексæн бындур равзæрстой Майрæмададжы колхозты бæхдонтæ кæм уыдысты, уыцы ран. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы ам курсанттæ тугкалæн тохы хъахъхъæдтой Майрæмадаг æмæ знаджы нæ бауагътой Арвыкомы фæндагмæ рахизын.

Музейы Парламенты Сæрдар аныхас кодта, нырыккон аивады фестивал "Аланикæ"-йы фæлгæты Дзæуджыхъæумæ æрцæуæг, Пушкины номыл паддзахадон музейы директор **Елизаветæ Лихачеваимæ**. Мемориалон комплекс арæзт у: Севастополь, Баку, Ейск æмæ Ленинграды æфсæддон-денджызон училищæты æхсæг бригады хæстонтæ, 18-проект "Аланикæ"-йы архайджытæй иу. Ацы проекты мидисмæ хаст æрцыд аивады ивгъуыд æмæ нырыккон рæстæджы хъуыды.

Парламенты Сæрдар стыр аргъ скодта ног арттыгъдадæн. Рахуыдта йæ, нæ историйы арф мотивтæ бахъахъхъæныны нырыккон рæстæджы мадзал.

— Афтæ мæм кæсы æмæ вазыгджын хъуыддаг у, ахæм музейтæ æрмæстдæр чысыл регионты кæй сты, уый. Майрæмададжы æмæ иннæ хъæутæй фæсивæдæн фадат ис ардæм цæуынæн æмæ кæддæры хæсты азты азæлдмæ æрыхъусынæн, Фыдыбæстæйы сæраппонд нæ хистæр фæлтæр знаджы ныхмæ цы стыр хъæбатырдзинад равдыстой, уыцы темæ бæлвырддæр банкъарынæн, — дзырдта Тускъаты Таймураз.

Парламенты Сæрдар Елизаветæ Лихачеваимæ сæ ныхасы систой, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты кавказаг архайджытæ тыхæй фаг кæй нæ цæуы дзырд, ахæм фарста

— Мах зонæм егъаудæр тохы цаутæ: Сталинрад, Курскы къæлæт, Ленинграды блокадæ, æрдæгсакъадах Керчыл тох, операци " Багратион", фæлæ кавказаг истори Фыдыбæстæйы Стыр хæсты кæронмæ æвдыст не 'рцыд. Ахæм мемориалтæ куы бабæрæг кæны адæймаг, уæд бамбары, чи сæ арæзта, уыцы адæймæгтæ хæсты архайджытæ кæй уыдысты. Нæ хæс у, зæрдыл сæ дарын, фæлæ сыл дзурын нырыккон аивады æвзагыл, паддзахады хицауиуæггæнæг оргæнтимæ æмархайды хъуыддагæй, — загъта Елизаветæ Лихачева.

ЛОХТЫ Фатимæ

Æдасдзинад

Амынддзинæдтæ сывæллæттæн

Фыдбылызтæй бахизыны фæдыл куыст æххæст кæнгæйæ, Мæздæджы районы автоинспектортæ Советон поселочы скъолайы арæзт лагермæ цæуæг ахуырдзаутæн экскурси сарæзтой.

Сывæллæттæн равдыстой патрулон хæдтулгæ, стæй, зæлон æмæ рухсон сигналтæ куыд кусынц, уыимæ сæ базонгæ кодтой. Экскурсийы архайджытæн автоинспекцийы куысты тыхæй хабæрттæ радзырдтой.

Уымæй уæлдай, скъоладзауты базонгæ кодтой кинологон службæйы куыстимæ. Фæдагурæг куыйты цавæр уавæрты дарынц æмæ сæ бардзырдтæ æххæст кæнынæл куыд ахуыр кæнынц, автоинспектортæ æвзонг уазджытæн уыдæттæ равдыстой. Сывæллæттæ мидисджын экскурсийæ разыйæ баззадысты.

Нæ уацхæссæг

Алагиры районæй

Хæрзхъæд картофы мыггаг

Уæллаг Зджыды кусы æвæджиауы питомник "Картофы æнæниз хуызты банк".

Ацы питомник сарæзтой компани "ФАТ-АГРО" æмæ Картофы А.Г. Лорхы номыл федералон иртасæн центр.

Питомникы æрзайын кæнынц садзинаг картофы ахъаззаджы хуызтæ.

Кусæндоны ис фыдыбæстон æмæ фæсарæйнаг картофы 200 хуызы (адонæй æппæтæй ахъаззагдæртыл нымад сты картофы мæнæ ахæм хуызтæ: **"Садон", "Спринтер"** æмæ **"Алани"**). Низæфтауджытæ хохы уавæртæ кæй нæй, уый нымайгæйæ, картофы хуызтæ сты иттæг æнæниз.

Нæ уацхæссæг

24 июны — Уæрæсейы фæсивæды бон

Бæрæгбоны арфæтæ

ЗЫНАРГЪ ÆМБÆЛТТÆ!

Зæрдиаг арфæ кæнын Цæгат Ирыстоны лæппутæ æмæ чызджытæн Уæрæсейы фæсивæды боны фæдыл!

Курдиатджын, цардбæллон, сфæлдыстады цæхæримæ, сымах кæддæриддæр уæндон æмæ ныфсджынæй цæут размæ, уæлахиз кæнут царды фæлварæнты, архайут уе 'рвылбоны цардмæ исты хорз ногдзинæдтæ бахæссыныл. Æмæ уый у, æцæгдæр, нæ фæсивæды сæйрагдæр хæс!. Æмæ мах дæр, уæ хистæртæ, хуымæтæджы нæ зæгъæм — "Æрыгæттæ сты нæ сомбон".

Æз сæрыстыр дæн Ирыстоны фæсивæдæй æмæ мын тынг æхсызгон вæйыы, се сгуыхтдзинæдты, æнтыстыты тыххæй куы фехъусын, семæ куы фембæлын, уæд! Фехъусын дзы диссаджы фарстытæ, ног хъуыдытæ, фæндтæ. Сæ иу бакастæй дæр бæрæг вæйыы — ис сын, цы зæгъой, цæй тыххæй аныхас кæнон семæ, сæйрагдæр та у, сæ райгуырæн Ирыстонæн хорздзинады бацæуынмæ кæддæриддæр цæттæ кæй сты, уый.

Уæлдай арфæ ракæнын мæ фæнды нæ волонтертæ æмæ бархионтæн. Волонтерты змæлд нæм рагæй ис, ссис дзыллон, граждайнаг æхсæнады институт. Мингай лæппутæ æмæ чызджытæ се стыр хæсыл нымайынц, тыхст уавæры чи ис, уыцы адæмы фарсмæ балæууын, се 'ххуысы хай сын бакæнын.

Сымахмæ кæсгæйæ, ме 'взонг хæлæрттæ, æз иу уысм дæр дызæрдыг нæ фæкæнын нæ республикæйы рухс фидæныл. Архайут, кусут, цæут размæ, бантысдзæн уын, уырны мæ!

Амондимæ цæрут, æнæниз ут, уæ хорз нысантæ æмæ бæллицтæ уæ царды рацæуæнт!

Сергей МЕНЯЙЛО,
Цæгат Ирыстоны Сæргъæуæг

НÆ ЗЫНАРГЪ ИРЫСТОНЫ ЛÆППУТÆ ÆМÆ ЧЫЗДЖЫТÆ!

Арфæ уын кæнын Уæрæсейы фæсивæды боны фæдыл!

Æрыгон бонтæ алы адæймагæн дæр сты йæ царды амонджындæр æмæ рæсугъддæр рæстæг, рухс бæллицты æмæ сфæлдыстадон æнтыстыты, ахъаззаг нысанты дуг. Сымахæн уе 'взонг зæрдæты хъару, уæ фидар зонд, æрттиваг ног бæрзæндтæм тырнындзинады фæрцы бантысы, уæ размæ цы нысантæ сæвæрут, уыдон царды рауадзын.

Мах, уæ хистæртæ, сæрыстыр стæм уе 'нтыстдзинæдтæй ахуыры, фæллойы, наукæйы, спорты, культурæйы. Нæй, æвæццæгæн, нæ царды ахæм къабаз, сымах размæ кæм нæ цæут, уæ хорз хъæппæристæй, разæнгарддзинадæй, зонындзинæдтæй уæхи раппæлинагæй кæм нæ равдисут. Тæккæ абон дæр уæ бон у нæ уарзон Ирыстоны, не стыр Уæрæсейы хъысмæтыл, сæ сомбоныл дзуапп дæттын. Бузныг уын зæгъын, уæ Фыдыбæстæмæ, Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинады тыххæй. Уæлдай арфæ кæнын нæ сæрæн, ныфсхаст лæппутæн, хæрз æрæджы цы æрдзон фыдбылызтæ бахаудтам, уым цы ахъаззаджы æхххуыстæ кодтат цæрджытæн, уый тыххæй. Уым сымах равдыстат нæ адæмы хуыздæр миниуджытæ, уæ цæрæнбон бирæ!

Тынг бæллын, цæмæй уæ алчи царды ссара йе 'цæг бынат, ныфсджынæй кæса йæ сомбонмæ, æхсæнадæн уа хъæугæ адæймаг. Æнæниз æмæ амонджын ут! Царды хорздзинæдтæй уын кæддæриддæр хай уæд!

ТУСКЪАТЫ Таймураз,
Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар

Скъоладзауты фæлладуагъд

Уазджытæ — Ирыстоны

Иумæйагæй РЦИ-Аланимæ æрхæццæ сты 102 сывæллоны, семæ — æхсæз хистæры Белгородæй. Уыдон арвитдзысты сæ улæфæн бонтæ "Тæмискъ", "Урсдон" æмæ "Æвзонгад"-ы санаториты.

Æрæджы РЦИ-Аланийы Сæргъæуæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй арæзт æрцыд ацы мадзал. Ахæм хуызы нæ республикæ балæууыд хъыгдард Белгороды фарсмæ. Цас уыдзысты уазæгуаты сывæллæттæ, уый нырма бæрæг нæу, фæлæ Ирыстон сæ зæрдæмæ кæй фæцæудзæн, уый.

— Нæ уазджытæн равдисдзыстæм Ирыстоны уæлдай зындгонддæр бынæттæ, базонгæ сæ кæндзыстæм культурæимæ, скæндзыстæм сын улæфæн æмæ æнæниздзинады программæтæ. Санаториты улæфдзысты нæхи сывæллæттимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, кæрæдзи дæр базондзысты æмæ бахæлар уыдзысты, — загъта РЦИ-Аланийы фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ**.

Сывæллæттæй уæлдай, Ирыстонмæ æрцыдысты Черниговы районæй 24 ацæргæ адæймаджы, уыдон улæфдзысты Дзæуджыхъæуы "Забота"-йы.

ГОБОЗТЫ Агуындæ,
къам систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Дзырды фарн

Æвзонгдзинад цин кæнын уарзы.

КОЧЫСАТЫ Мухарбег

Боныхъæд

Республикæйы гидрометцентр куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **24 июны,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **25-30 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **25-27 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 15,22

Хурыскаст — 04,20
Хурныгуылд — 19,42

Валютæйы аргъ

Доллар — 84,26 ↑
Евро — 91,85 ↓

12+

Хæрзиуæг

Æфсæддон дохтыры æхсуыс

Сæрмагонд æфсæддон операцийы тæлмы фæцæфуæвæг æфсæддон службæгæнджыты аирвæзын кæныны тыхæй Цæгат Ирыстонæй рацæуæг æфсæддон дохтыры схорзæхджын кодтой майданæй.

Амынд операци цы бон райдыдта, уыцы бонæй фæстæмæ Елхотæй рацæуæг иумæйаг практикæйы æфсæддон дохтыр **Денис Сладков** ис Украинæйы.

— Фараст мæйы дæргъы Денис фронты раззаг хæхæы уæвæг акъоппытæ æмæ блиндажты цард. Хæсты быдырæй фæцæфуæвæг æфсæддонты хаста æдас ранмæ æмæ сын медицинон æхсуыс кодта. Иунæг хатт дæр отпусчы чи нæ уыд, уыцы æфсæддон дохтыр Сладковы архайдæн хæстон уавæрты ис стыр ахадындзинад. Æфсæддон дохтыры æхсуыс æппæтæй фылдæр кæм хъæуы, арæх Денисы барвитынц ахæм рæттæм, — загъта Кировы районы администрацийы минæвар.

Тæссаг уавæрты адæмы ирвæзын кæныны тыхæй Уæрæсейы Президент Владимир Путины Указмæ гæсгæ Денис Сладковы схорзæхджын кодтой паддзахадон хæрзиуæг "Фæцæймæлджыты аирвæзын кæныны тыхæй" майданæй.

Нæ уацхæссæг

Наукæ

Æмгуыстады бадзырд

Уæрæсейаг-сомихаг университеты Скæсæн зонынады институт æмæ Дзæуджыхъæуы наукон центр бафыстой ахуырады æмæ медиайы къабæзты æмгуыстады фæдыл бадзырд. Уымæй уæлдай, нæ центры минæвæрттæн кусгæ фембæлдтытæ уыд Сомихы академион æмæ наукон æхсæнады минæвæрттимæ. Дзæуджыхъæумæ сыздæхгæйæ, нæ республикæйы минæвæрттæ бæстондæр базонгæ кодтой журналистты сæ балцы хатдзæгтимæ.

Дзæуджыхъæуы наукон центры директор, историон наукæты кандидат **Цыбырты Алексей** куыд радзырдта, афтæмæй Скæсæн зонынады институты директор, философон наукæты доктор **Гарник Асатрянимæ** бадзырдтæй иу у, ирон ахуыргæндты куыстытæ Нидерланды адæмты 'хсæн академион рауагъдады ныммыхуыр кæнын. Рауагъдадæр бындур æвæрд æрцыд **1683 азы** æмæ дунейы алы рæтты æрвылаз дæр рауадзы 275 журналы æмæ 1200 ног чиныджы гуманитарон æмæ социалон наукæты къабазы.

"Рагагъоммæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Ирыстоныл дзурæг æрмæджытæ нысан кæнæм дæсмæ æввахс рауадзын. Æнæмæнг хъæугæйыл нымайæм уæлдæр амынд рауагъдады чиныгкæсджыты нæ адæмы историйы, æвзаг, культурæ æмæ археологиимæ базонгæ кæнын. Уымæй уæлдай, ацы къабæзты раззагдæр специалистты æргом раздахын, фæсарæйнаг æвзæгтæм сын сæ куыстытæ тæлмац кæнын йæхимæ райста Уæрæсейаг-сомихаг университеты Скæсæн зонынады институт, уый фæдыл арфæ кæнын Гарник Серобы фыртæн," — загъта Цыбырты Алексей.

Бадзырды дыккаг проект, нырыккон æмæ рагон сомихаг æвзаг базонынмæ чи тырны, уыцы æрыгон ахуыргæндтæн дæтты уæрæх фæндаг Матенадараны, стæй ацы фæскавказаг республикæйы æндæр архивты æрмæджытимæ кусынæн.

"Нæ наукæйы рæстæн ацы хъуыддаг ахъаз у. Цалдæр азы размæ аланты байзæддæгты темæйыл бирæ цыд ныхас, уæд хъуыстам уайдзæф дæр, зæгъгæ, нæ ахуыргæндтæ кæм сты. Бирæ хабæрттыл бакуыстам, фæлæ ацы темæйыл æрмæджытæ фылдæр сты фæсарæйнаг æмæ уырыссаг авторты иртасæн куыстытæ. Басгарын хъæуы æндæр хуызы дæр, хъуамæ нæм уа нæхи специалисттæ, стæй архивты æрмæджытæ, кæцытæ фадат дæттынц, аланты байзæддæгтæ ирæттæ кæй сты, уый тыхæй информаци ссарын. Специалистты бакусын хъæуы Ираны, Калачы æмæ Ереваны архивты. Уымæ гæсгæ, Сомихмæ ахуыр кæнынмæ арвитдзыстæм дæс адæймаджы онг, рагон æмæ нырыккон сомихаг æвзаг сахуыр кæнын кæй фæнды, уыдоны. Дыууæ азы ахуыры фæстæ сын фадат уыдзæн архивты æрмæг агурын. Дæргъвæтин у архайд, фæлæ дзы гæнæн ис, æмæ ног историон гæххæттытæ ссарой," — зæгъы Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор, историон наукæты доктор, профессор **Хъаныхъуаты Зæлинæ**.

Мадзалы комкоммæ бастдзинады фæрцы архайдта Сомихы минæвар, Уæрæсейаг-сомихаг университеты индо-ирайнаг программæйы разамонæг, профессор **Виктория Аракелова**. Радзырдта, магистратурæйы студенттæн цы уавæртæ арæзт æрцæудзæн, уый тыхæй: цæрæнуат, ахуыр уыдзæн læвар, исдзысты стипенди. Æппæт хæрдзтæ дæр йæхимæ райста базарадон базæ "Чиба", йæ разамонæг **Цыбырты Къахабер**. Журналистты фарстытæн радта бæстон дзуаппытæ.

ЦИПУ-йы ирон филологийы факультеты декан, ирон æвзагзонынады хайады наукон кусæг **Гуытъиаты Эльмирæ** фехъусын кодта, паддзахадон фæлварæнты рæстæг диплом иттæг хорз бæрæггæнæныл чи бахъахъхъæдта, уымæн бамбарын кодта, йæ бон кæй у ацы проекты архайын. Иннæ адæймаг куырдиат бадæттынмæ æрцыд Хуссар Ирыстонæй. Ацы проекты архайын йæ зæрды кæмæн ис, уыдонмæ домæнтæ сты: гуманитарон ахуырад, сомихаг, ирон, уырыссаг æвзæгтæ хорз зонын; иртасæн куыстмæ арæхсын. Проект царды рауадзынæн арæзт æрцæудзæн сæрмагонд къамис историктæ, лингвисттæ, æндæр гуманитарон наукæты минæвæрттæй. Уыдон равзардзысты ахуырмæ æрвитыны аккаг фидæны ахуыргæндты, сæ кармæ нæ кæсгæйæ. Куырдиаттæ исы Цæгат Ирыстоны гуманитарон æмæ социалон иртасæнты институты директор Хъаныхъуаты Зæлинæ, Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспекты 10-æм хæдзары.

ХУЫБИАТЫ Ларисæ,
къам систа
ХЪАЙЫРТЫ Дианæ

Дарддæры социалон-экономикон райрæзты фыццаградон нысантæ

(Райдайæн 1 фарсыл)

Фæстæдæр Сергей Назаров базонгæ заводтæ "21 æнус" æмæ "Кристалл"-ы архайдимæ. Зындгонд куыд у, афтæмæй æрæджы "Кристалл"-ы цехтæй иуы ногæй уадзын райдыдтой æрхуыйы хомаг. "21 æнус"-æн та йæ сæйрагдæр продукци у арæзтадон æрмæг. Федералон министрады минæвар æмæ республикон профилон ведомствæты бæрнон кусджытæ заводты разамонджытимæ фæбæлвырд кодтой дарддæры æмархайды нысантæ.

Дарддæр Хицауады хæдзары цы уæрæх æмбырд уыд, уым та ныхас рауад Цæгат Ирыстоны туризмы къабазы хъомыс раргом кæныныл. Уыимæ, боны фæткмæ рахастæуыд цалдæр ахсджиаг инвестицион проекты дæр.

Ныхасы архайдтой акционерон æхсæнад "Кавказ.УФ" æмæ профилон республикон ведомствæты разамонджытæ дæр.

Зæгъæм, фембæлды архайджытæ æркастысты туристон кластер "Аланыстоны хурæнгæс рон"-ы райрæзты фæдыл стратегион проектмæ. Гæххæтт УФ-йы Хицауады амынддзинадмæ гæсгæ бацæттæ кодта "Кавказ.УФ". Мастер-пъланы куыд нысангонд цæуы, афтæмæй туристон кластер "Аланыстоны хурæнгæс рон"-ы фæлгæты Ирыстоны арæзт æрцæудзысты 95 инфраструктурон объектты (сæ иумæйаг аргъ уыдзæн 2 милллиард сомæй фылдæр). Уыдоны номхыгъды: санаторон-курортон комплекс Дзæуджыхъæуы, интерактивон музей Дæргъæвсы, фысымуат Фæснæлы, кемпинг Мидæгрæбыны комы æхсæрдзæнтæм 'ввахс, альпинистон лагер Сæнайы хохмæ схизæны, экстрим-парк Хъобангомы æмæ афтæ дарддæр.

Эксперттæ хорз аргъ скодтой проектæн. Сæ хъуыдымæ гæсгæ, уый фæрцы Цæгат Ирыстоны туристон инфраструктурæ зынгæ райрæздзæн, хуыздæр фадæттæ фæзындзæн туризмы къабазы амалхъомтæ æмæ инвесторты хъæппæристæ хуыздæр раргом кæнынæн.

— Ныгуылæйнаг бæстæты экономикон гæрæнты уавæрты архайгæйæ, не 'мзæххон туристтæй бирæтæ се 'ргом аздæхтой фыдыбæстæйаг курортæм. Æмæ фыццаг бакастæй дæр бафиппайдтой, уæрæсейаг регионты æрдзон уавæртæ цауддæр кæй не сты, уый. Фæлæ афтæ зæгъæн нæма ис бирæ цымыдисаг æмæ зæрдылдаринаг бынæтты инфраструктурæйы æнаипдзинады тыхæй, ома, фаг ифтонг не сты фысымуаттæ, хæрæндаттæ æмæ æндæр ахæм кусæнуæттæй. Æмæ æппæт уыцы фарстатыл кусгæйæ, амынд проект хъуыддагыл хорзæрдæм сахаддзæн. Ныртæккæ æппæт хъарутæй дæр бакусын хъæудзæн, цæмæй проекты уагæвæрдтæ къæпхæнгай царды уадзын райдайæм, — бафиппайдта Сергей Назаров.

Сергей Меняйло бузныг загъта, проектыл чи бакуыста, уыцы специалисттæн. "УФ-йы Экономикон рæзты министрад æмæ компани "Кавказ.УФ"-йы минæвæрттæн арфæ кæнын, проектыл зæрдиагæй кæй бакуыстой, уый тыхæй. Мастер-пълан зæрдæмæдзæугæ рауад, бæстон дзы хыгъд æрцыдысты республикæйы фæндаттæ дæр. Дарддæр нæм æнхъæлмæ кæсы мастер-пъланы уагæвæрдтæн финансон бындурыл бакусын", — хатдзæгтæ кæнгæйæ, загъта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг.

Знон та Сергей Назаров æмæ Сергей Меняйло профилон федералон æмæ регионалон ведомствæты минæвæрттимæ бабæрæг кодтой Мамысоны ком. Зындгонд куыд у, афтæмæй уым райдыдтой хæххон-рекреацион комплекс "Мамысон"-ы арæзтадон куыстытæ. Инспекцион къорды уæнгтæ базонгæ сты арæзтадон архайды фæткимæ, стæй подрядон организациты минæвæрттимæ æрдзырдтой куыстыты фæткы графиктæ æмæ æндæр организацион фарстатыл.

Æрмæг бацæттæ кодта
СЛАНТЫ Аслан

Туризм

Бæлццæттæ — Дзинагъамæ

Дзæуджыхъæуæй Æрæфы районы Дзинагъамæ маршрутыл бæлццæттæласæн транспорт цæуын райдыдта.

Æрвылбон 15 сахаты æмæ 55 минутыл Дзæуджыхъæуы Æрхонкæйаг сосайыл 1-æм автовагзалæй маршрутон такси ацæуы, райсомæй 6 сахатыл та транспортон фæрæз турбазæ "Ростсельмаш"-æй рацæуы. Бæлццæтты ласыны куыст æххæст кæны "Автоколоннæ 1210" куыстуаты транспорт.

— Хохæй рацæугæйæ, Дзинагъамæ, Мæхческ æмæ Фæснæлмæ бацæуы. Æрвылбон кусæм. Нырма уал бæлццæтты ласæм "Газел" хæдтулгæйæ, фæстæдæр та маршрутыл рейсон автобус цæуын хъуамæ райдайа, — зæгъы амынд куыстуаты хæдтулгæскъæрæг **Цъугкиты Алан.**

Фиппаинаг: Дзæуджыхъæуæй Дзинагъамæ фæндагджы аргъ у рæстæмбис нымадæй 200 сомы.

ХУАСДЗАУТЫ Алинæ

Фадæттæ

Гæххæттытæ — ахуыр кæнынмæ

"Госуслуги" исын райдыдта уæлдæр ахуыргæнæндæттæм ахуыр кæнынмæ бацæуыны фæдыл гæххæттытæ.

Исæн къамистæм комкоммæ уагæй нæ бацæугæйæ æмæ рады нæ лæугæйæ, адæймагæн ис куырдиат бæстæйы 5 уæлдæр ахуыргæнæндонмæ барвитыны бар (растыл нымад хыгъдон фыст порталы ис, зæгъгæ, ахæм æууæлимæ).

Адæймагæн ис куырдиат ахуырады цыфæнды хуызмæ (æхцайыл æмæ нысанмæарæзт хуызтæ дæр нымайгæйæ) барвитыны бар. Бæстæйы Нымæцон рæзты министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы аз мин уæлдæр ахуыргæнæндонæй фылдæр сервисимæ баиу сты.

Læвар ахуырадмæ цæуæг адæмы хæс у куырдиат 25 июлы, æхцайыл ахуырадмæ та — 20 августы æмгъуыдмæ барвитын.

Уымæй уæлдай, уæлдæр ахуыргæнæндонмæ ахуыр кæнынмæ онлайн уагæй бацæуын куыд æмбæлы, ведомствæ уый бамбарын кодта. Зæгъæм, райдианы "хи кабинет"-ы равдисын хъæуы ахуырады, уæлдæр бартæ æмæ хи сæрмагонд æнтыстдзинæдты тыхæй гæххæттытæ (уæлдæр ахуыргæнæндонмæ ахуыр кæнынмæ цæуыны рæстæг ацы гæххæттытæ комкоммæ уагæй æвдисын цæмæй ма хъæуа, афтæ). Фæстæдæр куырдиаты æмбæлы нысантæ сæвæрын, ахуырады бæллиццаг хуыз бацамонгæйæ. Куырдиат арвитыны фæстæ адæймагæн уыдзæн конкурсон номхыгъдты хи бынатмæ цæст дарыны фадат.

ГАСАНТЫ Валери

Программæ

Хи куыстуатæн

Социалон фидыдтыты фæрцы адæмæн ис хи куыстуат байгом кæныны фадат. Адæймаг læвæрд æхцайæ балхæны кусæнгæрзтæ æмæ æмбæлгæ æрмæг.

Лохты Фатимæ йе 'ргом хуыйæджы дæсныйадмæ сабибонты рæстæг дæр здæхта, фæлæ ацы дæсныйадæй бизнесы куыст кæныны фадат кæй уыдзæн, сылгоймаг уый æнхъæл нæ уыд. Социалон фидыды æхсуысæй Фатимæ национ уæлæдарæс хуыйы.

Сылгоймаг бирæ азты дæргъы алыхуызон куыстытæ кодта, фæлæ хи куыстуат байгом кæныны фадат кæй ис, уый базонгæйæ, Фатимæ йæ рагон бæллиц сæхæст кодта æмæ ныр хаццоны ист агъуысты хуыйы аив уæлæдарæс.

Ныридæгæн Цæгат Ирыстоны фидаргонд æрцыд 644 социалон фидыды. Программæмæ гæсгæ, адæймагæн ис læвæрд ын æхцатæ хи куыстуат кæнæ хи æхсуысадон хæдзарад байгом кæныны хъуыддагыл бахардз кæныны бар.

Дмитрий кæй байгом кодта, уыцы хæдтулгæцалцæггæнæн æрмадзмæ хæдтулгæ банывыл кæнынмæ радтынмæ адæм цалдæр боны дæргъы рады фæлæууынц. Дмитрийы æрмадз хæдтулгæтæ цалцæг кæнынæн хъæугæ æппæт кусæнгæрзтæй ифтонггонд у.

Ацы аз бæстæйы Хицауад социалон фидыдтыты программæ сæхæст кæнынæн радих кодта 30 миллиард сомæй фылдæр. Пайдайаг проекты фæрцы адæмæн ис сæ материалон уавæр фæнывыл кæныны фадат.

ГУГКАТЫ Жаннæ

Цæстдард

Сусæг æвæрæнтæ

Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ Астæуккаг Азийы республикæтæй иуæй нæм æрбацæуæг дыууæ нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.

Ацы адæймæгты аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 228.1-æм статьяйы 4-æм хайы пункт "г"-йы ("Информационтелекоммуникацион хызæг "Интернет"-æй пайда кæнгæйæ æмæ рагацау бафидаугæйæ, цалдæр адæймаджы наркотиктæ æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ бахъавыдысты")

амынд фыдракæнд саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй зылын кæнынц, уыцы нæлгоймæгтæ, æбæрæг адæймагимæ баныхас кæнгæйæ, Бетъырбухæй Цæгат Ирыстонмæ наркотиктæ хæлиу кæнынмæ æрбацыдысты. Дзæуджыхъæуы уæвгæйæ, фыдгæнджытæ се 'мдзæхдонæй базыдтой наркотикты сусæг æвæрæны бынат æмæ дзы метадон райстой. Наркотикы 4 сусæг æвæрæны саразын кæмæн бантыст, барадхъахъхъæнæг оргæнты кусджытæ нæ республикæйы уыцы уазджыты баурæдтой.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Дзæуджыхъæуы Ленины районы тæрхондонмæ биноныг ыл æрныхас кæнынмæ.

РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ

Ис ахæм хъуыды

Махмæ Амонды министрад цæуылнæ ис?

Амонд цы у, зæгъгæ, кæйфæнды дæр куы бафæрсай, уæд уыйас алыхуызон дзуапытæ райсдзынæ, æмæ дæ ферох уыдзæн, цæмæй сæ фарстай, уый. Фæлæ дзуапытæй сæйраг, иугæнæг æууæл рабæрæг уыдзæн: хæрзтæ, фæрныгад, æппæт фадæттæ, алывæрсыг лæггæдтæ. Уыдæттæ хъуамæ адæймаг иса, цы паддзахадон сконды мидæг цæры, уырдыгæй. Йæхицæй цы аразгæ у, уымæ та хъуамæ йæхæдæг бавнала. Æрæджы Интернеты тыгъдады фæхæст дæн, азиаг къаролад Бутаны царды тыхæй æрмæгыл. Азиаг бæстæтæ хъæрзынц бирæ тыхстдзинæдтæй: мæгуырдзинад, фыдбæллæхтæ, хъуагдзинæдтæ алы ран дæр æйнæфынц. Бутаны æндæрхуызон у уавæр, адæм цæрынц амондимæ, уды домæнтæм гæсгæ, цавæрдæр уæларвон тыгъдады.

Суанг европæйаг бæстæтæн дæр медицинон æмæ социалон фæдзæхстад сты риссагдæр бынæттæ. Уæд хъуамæ азиаг бæстæтæ бынтон фæсте баззайой. Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй Бутаны цæрджытæ æппæт низтæ дзæбæх кæнынц læвар, иунæг капекк дæр дзы нæ райсдзысты. Бутаны къарол куыд фæзæгъы, афтæмæй адæмы фæрныгад йæ сæйраг нысан у. Ам ма бацамонын хъæуы, къаролад медицинæйы дыууæ хайы дæр кæй рæзын кæны, уый. Ома, нырыккон æмæ традицион медицинæ. Дыууæйæ дæр сты æмбар. Алы бутайнаг йæхæдæг æвзары, кæцы дохтырмæ йын цæугæ у, уый. Хицауад стыр æхца дих кæны социалон инфраструктурæйы рæзтæн. Иннæ диссаг: Бутаны æнæхæдзар адæм нæй, уынгты нæ цæрынц, нæ рахау-бахау кæнынц.

Бæстæйы къарол куыд бауынаффæ кодта, афтæмæй алы æнæхæдзар адæймагæн дæр дих кæнынц зæххы хай, уым адæймаджы бон хæдзар саразын у æмæ дзы йæ бинонтимæ цæрын. Къароладæн йæ бон цас у, уыйас æхсуыс кæны арæзтады, адæм афтæмæй уынджы не сты. Ноджы дзы æхсуыс уыйас нæ бахъæуы, цæрджытæ нæ нуазынц карз нозт, нæ пайда кæнынц алыхуызон хъылмайæ, цыренгæнæн хъæзтытæй нæ хъазынц. Куыдæй хъуамæ фесæфа йæ хæдзар адæймагæн?!

Бутаны 2000 азæй фæстæмæ кусы **Амонды** министрад, йæ фæрæзтæ къаролады бон цы цардыуаджы уавæртæ аивын у, уыдон ивы. Адæм æхсуыс исынц, къаролад сыл кæй мæт кæны, уый æмбарынц æмæ ма дæ уымæй хуыздæр цы хъæуы?!

Бутайнæгтæ æрдзмæ, алфамбылаймæ цы цæстæй кæсынц, уымæн аргъ кæнын хъæуы. Тынг мæт кæнынц æрдзыл, архайынц йæ бахъахъхъæныныл, алчидæр бырæттæ хицæн кæныныл кусы, сæ фæстæ уынгты, æхсæнадон бынæтты бырон нæ ныууадздзысты. Сæ динмæ гæсгæ сæ фылдæр сты Буддæмæ кувæг адæм, æрдзимæ иудзинад æмæ сабырдзинадыл æууæндынц. Уыдæттæ къухы æфтынц, цæстæй, йæ фæрæзтæн ын аргъ кæнынц.

Бутаны цæрджытæ сæ традицитæн стыр аргъ кæнынц, æмхуызонæй дарынц национ уæлæдарæс. Уый æппæты зæрдæмæ нæ цæуы, фæлæ уæддæр ныхмæлæуджытæ къаддæр сты. Традицитæ æрмæст уæлæдарæсимæ баст не сты, суанг хæдзар аразгæйæ дæр адæймаг хъуамæ традицион нывæфтыдтытæ скæна йæ къултыл...

Уыдæттæ раст сты æви нæ, уый зын зæгъæн у. Бутан нымад у æхгæд бæстæйыл, æваст æм нæ бацæудзынæ. Фæсарæйнаг туристы бон у иунæг агентады фæрцы бацæуын Бутан-

комкоммæ арæзт сты адæмы аккаг царды, се 'ппæт домæнтæм. Уыдон æрфарстытæ кæнынц, бынæтты кусынц, уавæр иртасынц. Уымæн гæнæн нæй, æмæ дзы адæм сыдæй мæлынц, къаролады разамынд та уымæн ницы зонынц. Цæрджытимæ бастдзинад фидар у, тынг дзæбæх кусы. Уæддæр, цымæ, **Амонды** министрады архайд цæимæ баст у? Уый адæмы хъæстытæ æмбырд кæны, сæ фæндæттæ сын æххæст кæны, сæ алыварс чи цæры, уыдонæн кад кæнгæйæ.

Бутаны цæрджытæн сæ фылдæр дзидза нæ хæрынц, ам цæрæгойтæм уæлдай уарзон цæстæй кæсынц, фылдæр сæ кæнынц, хъæддаг сырдтæй исчи зын уавæры куы бахауы, уæд сын æхсуысмæ цæттæ сты. Ам æрдз дæр афтæ уарзынц, нæ акъуырдзысты бæлас, дидинджытæ не 'ртондзысты. Сæ бæстæмæ бутайнæгтæ кæсынц уарзон мæ, хицæнæй дын нæ рауайдзæн. Бутайнæгтæ цы хъуыды кæнынц, уымæй хатдзæгтæ кæнæн ис, фæсвæд бынатмæ æнæ гидæй нæ бакæсдзынæ...Фæлæ сæм Амонды министрад кæй кусы, цæрджыты тыхстдзинæдтæ кæй иуварс кæны, уый бæлвырд у. Махмæ, цымæ, **Амонды** министрад цæуылнæ кусы? Цæуылнæ йын ис бынат нæ паддзахадон сконды?

БУТАТЫ Эльзæ

Куыд цæрыс, не ‘мзæххон, кæмдæр?

Удварныл хæрзаудæг, хæрзгæнæг

Амалхъом, хæрзаудæг, хæрзгæнæг УАЛЫТЫ Гелайы цард æмæ архайды фæдыл нæ ныхас райдыдтам йæ уæздан фыд Абыræджы мысинæгтæй:

"Мæхи зонынхъом куы фæдæн, уæд мæм сæвзæрд, мæ ном Абыræг цы нысан кæны, уый базоныны хъуыды. Хъорнисы мæ хистæртæй куыд хъуыстон, афтæмæй абыræджы ном алы давæг æмæ стигъæгмæ нæ хаудта. Уыцы номы аккаг уыдысты сæрибармæ тырнæг, мæгуыртæн æххуысгæнæг, хъæздгуыты мулк стигъæг æмæ сæ мæгуыр адæмæн уаræг хъæбатыр гуырдтæ. Уыцы миниуджытæй мæ зæрдæмæ тынгдæр фæцыд сæрибармæ тырнын æмæ æххуысхъуаг адæмы фарсмæ сыгъдæгзæрдæйæ балæвæрдтой. 1951 азы мæм фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм, æмæ дзы баслужбæ кодтон 1954 азы онг. Æфсады рæнхъыты ма ноджы арфдæр банкъардтон Фыдыбæстæ, алы адæмыхæттыты уарзыны æнкъарæнтæ, хиуылхæцын, хистæртæм хъусын, æнæзивæг уæвын нæхи Хъорнисæй рахастон, ам ма сæм бафтыд æмбалæн, хиуонæн, дæхи разæй дæр искæмæн баххуыс куыд ахсджиаг миниуæг у, уый. Æмæ сæ ныффидар кодтон мæ дарддæры царды фæндагамонæджы хуызы.

Мæ цард сбастон, уыцы миниуджытæ дæр зынаргъ кæмæн уыдысты, ахæм сылгоймаг Цыбыры Изольдæимæ. Æрцардыстæм Хъорнисæй дард Тбилисы. Фæлæ нын уырдыгæй дæр мæ райгуырæн хъæу, цыма ноджы æввахсдæр фæцис, афтæ мæм каст. Нæ рох кодтон, мæ зæрдæйы фæндаггагæн цы миниуджытæ бафснайдтон уыдон дæр. Ме 'фсин Изольдæимæ сæ не 'рвылбоны царды архайдтам кæстæртæм фæхæццæ кæныныл. Нæ хистæр læппу Гела, скъолайы ахуыргæнгæйæ, къæсхуыртæ хаста, фæлæ уыд æнæзивæг цумамæ дæр, цыфæнды куыстмæ дæр. Сæрды каникулты-иу æй æдзухдæр акодтон Хъорнисмæ. Уым хъомыл кодта хъæуккаг сæрибаруарзаг сывæллæттимæ, фæцалх цæвæгæй хос кæрдыныл æмæ æндæр хъæууон куыстытыл. Дур æхсынмæ та йæхицæй сæрæндæр нæ уыд. Хъæуы læппутимæ-иу мысанмæ дур кæнæ хиконд фат æмæ æрдынæй куы ‘хстой, уæд-иу Гела æдзухдæр разынд æппæты рæстдзæвиндæр".

Гела æрдзæй цы рæстдзæвин рахаста, йæ ныййарджытæ, йæ фыды райгуырæн хъæу Хъорнисы хистæртæй цы миниуджытыл сахуыр, уыдон ын йæ дарддæры цардвæндагыл иу æмæ дыууæ хатты нæ фæпайда сты. Скъола иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст фæуыны фæстæ Геламæ Советон Æфсады рæнхъытæм куы фæсидтысты, уæдмæ сæхæст кодта топпæй æхсынæй Советон Цæдисы спорты мастеры хæстæ, æмæ йæ службæ кæнынмæ бакодтой Æфсады центрон клубы спортивон ротæмæ. Уым æнтыстджынæй баслужбæ кæныны фæстæ, Гела егъау конкурсы хорз бæрæггæнæнтæ равдисыны фæстæ, ахуыр кæнынмæ бацыд Мæскуыйы М.Ломоносовы номыл паддзахадон университеты журналистикæйы факультетмæ. Каст æй фæци 1990 азы, æмæ йæ арвыстой Югославимæ. Уыцы рæстæг ам хæст райдыдта, ацы паддзахад ныддихтæ. Гела баззад Словенийы Люблянæйы. Сæйраг информацион агентад уыд Белграды, хуыдтой йæ Танюг, æмæ информаци нал læвæрдта. Мыхуыры алыхуызон фæрæзтæ сбирæ сты. Æрыгон журналист цард журналистты æмдзæрæны, цалцæг æй кæй кодтой, уымæ гæсгæ хуыссыд цары тухгæ сынтæгыл. Æвзаг хорз нæ зыдта, цæрын та йæ истæмæйты хъуыд. Газетты фæстаг фæрстыл мыхуыр кодтой алыхуызон ирхæфсæн æрмæджытæ, æмæ Гела æрхъуыды кодта, цæмæй йæм Мæскуыйæ йæ хæлæрттæ æрвитой зæронд газеттæ. Уыдоны-иу равзæрста зынæй бауырнинаг цаутæ æмæ хабæрттæ. Зæгъæм, мæнæ ахæмтæ: Африкæйы фыранк расырдта негры, уый алыгъд æмæ фыртæссæй агæпп кодта хус æрхы сæрты, афтæмæй фервæзт. Уый фæстæ æрхы уæрх куы сбарстой, уæд разынд олимпаг рекордæй æртæ хатты фылдæр.

Ахæм хабæрттæ-иу сæмбырд кодта, словениаг зонгæ сылгоймæгтæн-иу сæ ратæлмац кæнын кодта æмæ-иу сæ, йæ зæронд велосипедыл ацæугæйæ, байуæрста æппæт редакцитыл. Посты байгом кодта йæхи сæрмагонд адрис. Афтæ куыста иу, дыууæ мæйы, фæлæ йæм гонорар никуыцæй цыд. Æртыккаг мæй йæм йæ адрисыл цæуын райдыдтой куы дæс, куы фынддæс, куы та ссæдз доллæры. Куы сæ банымадта, уæд йæ мæйы мызд хæццæ кодта хорз инженеры мыздмæ. Ууыл фæцалх æмæ афтæ куыста. Иу рæстæджы йæм, университеты кæимæ ахуыр кодта, уыдон телефонæй фæдзырдтой æмæ йын фехъусын кодтой: Томскы байгом кодтой хъæдæрмæг уæйгæнæн куыстуат, хомаг уæй кæнынц Финляндийæн. Кæд уым æлхæнæг организаци ссара, уæд уыимæ дæр бадзырд сараздзысты, зæгъгæ. Гела æрзылд горæты, бацыд хæдзарыдзаумæтты равдыстмæ. Уым базонгæ, йæ рæстæджы хæдзарыдзаума уадзæн егъау комбинаты генералон директор чи уыд, ахæм зæронд лæгимæ. Бамбарын ын кодта йæ хъуыды. Уый загъта: хорз хъæдæрмæг сæ нæ хъæуы, фæлæ сугтæ æлхæнынмæ цæттæ сты. Уыдонæн-иу сæ хырхæнтæй аразиккой хорз ДСП фæйнæг хæдзарыдзаума кæнынмæ. Гела æрцыд Томскмæ йе 'мбæлттæм. Федта хъуыддæгтæ. Доны былгæрæттæ се 'дзаг уыдысты хъæды лыггæгтæй. Уыдон æлхæнæн уыд иу кубометр 8 сомæй. Гелайæн сæ йе 'мбæлттæ сразы сты 4 сомæй уæй кæныныл.

Фæндæгтыл хæрдзтæ банымайгæйæ, кубометры аргъ хæццæ кодта 10-12 доллæрмæ, заводимæ та баныхас кодта 55 доллæрыл (уæд доллæры аргъ уыд 25 сомы). Афтæ райдыдта амалиуæджы куыст. Ссис амалиуæгдар. Цы ‘хца бакуыста, уыдонæй йæ бон бацис фатер балхæнын. Ракуырдта бынæттон чызг, словениаг æвзаг æмæ литературæйы, стæй уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг Франческæйы. Афæдзы фæстæ сын райгуырд læппу, æмæ йыл сæвæрдтой ном Сергей.

Ныр уымæн йæхицæн ис бинонтæ, у дыууæ чызджы фыд. Ахуыр фæцис уым университеты философон факультет. Кусы Наукæты академийы славистикæйы кафедрæйы, уыцы-иу рæстæг у рагон грекъаг æмæ латинаг æвзæгты ахуыргæнæг.

Словенийы цæргæйæ, Гела стыр æххуыс кодта чырыстон аргъуанæн хæдзарыдзаумайæ, æхцайæ, аргъуантæ цалцæг кæнынмæ, чырыстон уæлмæрдтæм базилынмæ. Уыцы хабæрттæ базыдта Сербийы Патриархат æмæ йæ фæхуыдта сæхимæ, арфæтæ кæнынмæ. Гела дарддæр дæр йе 'ххуысы хай хаста Чырыстон æфсæддон миссийæн.

Гелайæн йæ иу æмбал Люблянæйы байгом кодта экспортон-кредитон агентады банк. Уый домæнтæм гæсгæ йæ бон уыд исты арæзтадæн æхца йæ аргъы 85 процентыл дæттын, æрмæст цæмæй уыцы организаци арæзтадæн рудзгуытæ, дуæрттæ, паркет æмæ æндæр хъæдæрмæгæй конд дзаумæттæ, зæгъæм, пъол æвæрынæн, æлхæна Словенийы кæнæ Евроцæдисы, Уæрæсейы та йæ бон æлхæнын уыдзæн змис, арматурæ æмæ æндæр арæзтадон æрмæджытæ 19 проценты онг.

Уыцы уавæртæй пайда кæнгæйæ, Гела бадзырдтæ сарæзта æмæ бирæ агъуыстытæ скодта Мæскуыйы, Тольяттийы, Ярославл æмæ Уæрæсейы æндæр горæтты. Советон Цæдисы фехæлд æвзæрæрдæм фæзынд æрмæст йæ цæрджытыл нæ, фæлæ фæсарæнты бирæ социалистон паддзахæдтыл дæр. Бирæтæ дзы ныддихтæ сты. Уыдонимæ — Югославии дæр. Босни Герцеговинæйы иумæ цæрынц 1 милуан 200 сербæгтæ, сæ сæйраг горæт у Сербск. Уым Гелайæн тынг бирæ хæлæрттæ баззад сæ разамонджытæ æмæ сæ къæпхæны орденæй. Уыцы рæстæг Гела йæ ног бинойнаг Светланæ, йæ læппу Вячеслав, йæ дыууæ чызджы Изольдæ æмæ Валентинæимæ Мæскуыйы цард, фæлæ куы фе-

Гела йæ фыдимæ

Гела йæ бинонтимæ

тыххæй чырыстон æцæг амалиуæгдар Уалыты Абыræджы фырт Гелайы схорзæхджын кодтой Сербскы Чырыстон Аргъуаны бæрзонддæр хæрзиуæг — Сыгъдæг Саввæйы 1-аг хъуыста, Сербскы Патриархы Резиденци ногæй рацараздзысты, уый, уæд уайтагъд сæ уæлхъус æрбалæууыд. Белграды Патриархы резиденцийы йын хæрзиуæг дæтгæйæ, Патриарх Ириней ныхмæтæджы нæ загъта: "Уалыты Гелайы хуызæн адæймæгты фæрцы Сербскы бастдзинæдтæ фидардæр кæнынц Чырыстон дунеимæ". Гела уæд зæрдæбын арфæтæ ракодта Патриарх Иринейæн æмæ Сербскы æппæт чырыстон адæмæн, йæ чысыл læггадæн ын ахæм стыр аргъ кæй скодтой, уый тыххæй.

"Мæн дисы бафтыдта дæе зæрдæрухс æмæ удварн, дæе хорз ахаст мæнмæ", — загъта Патриархæн Гела æмæ ма бафтыдта, ацы егъау хæрзиуæг райсыны бон йæ царды кæй суыдзæн æппæты зынгæдæр рухс бон.

Ацы егъау Чырыстон хæрзиуæг дунейы радтой æрмæстдæр иуæндæс адæймагæн, уыдонимæ— Мæскуыйаг æмæ æппæт Уырысы Патриарх Алексий II, Мæскуыйы æмæ æппæт Уырысы Патриарх Кирилл, Владимир Путин, Дмитрий Медведев, Сергей Шойгу, Александр Солженицын æмæ иннæ номдзыд архайджытæн.

Уыцы хæрзиуæджы фæстæ ма Гелайы йæ удварн æмæ хæрзаудæн архайды тыххæй схорзæхджын кодтой Республикæ Сербскы Æвзистæй быд тырысайы орденæй.

Чырыстон аргъуантæй уæлдай ма Гела стыр æххуыс бакодта Словенийы горæт Люблянæйы уырыссаг скъолайæн.

Дард Сербск, Словени æмæ Мæскуыйы уæвгæйæ дæр Гела нæ рох кодта йæ фыдæлты зæхх, йæхи Ирыстон. Хуссар Ирыстоны Цхинвалы зæрæдтæ æмæ инвалидты хæдзармæ куы бафтыд, уæд йæ директор Теблойты Черменæй базыдта, чи сæм цæры, уыдоны рынчындæттæм æмæ фæстæмæ ласынæн, стæй æндæр хъуыддæгтæн сæм машинæ нæй, æмæ уымæй кæй тыхсынц. Гела сын къуырийы бонмæ балхæдта дзыхъхъынног микроавтобус УАЗ. Баххуыс сын кодта æхцайæ сæ дуæрттæ æмæ рудзгуытæ баивынæн.

Иу рæстæг, телеканал "Стъалы"-йы кусджытимæ фембæлгæйæ, Гела сæ равдыстыты тыххæй йæ ныхасы радзырдта, Уæрæсейы цы бирæ алыхуызон адæмыхæттытæ цæры, æмæ сæм цы бирæ номдзыд хъæбатыртæ ис, уыдоны кой сæ каналы хæрз чысыл кæй ис, уый бæстæйы иудзинад фидар кæныныл нæ дзуры, зæгъгæ. Фæндон бахаста, æхцайæ сын кæй баххуыс кæндзæн, цæмæй сисой æмæ æвдисой документалон киноныв тæ Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр, Монголы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр Плиты Иссæ, инæлартæ — Советон Цæдисы Хъæбатыртæ Мамсыраты Хадзыумар æмæ Хетæгкаты Георгийы тыххæй. Уыцы документалон киноныв тæ ист æмæ æвдыст æрцыдысты Гелайы хардзæй.

Æнцой йын нæ дæтты, йæ хистæртæй цы æбуалгъ хабар базыдта, уый. Бургустаны 1920 азы 9 сентябры 1233 æрыгон læппуйы хъазахъимæ хæсты фесæфтысты, æмæ архайы сæ рухс ном сын хъæугæ хуызы сног кæныныл. Уый фæдыл фембæлд Бургустаны дины кусджытимæ, хъæуыхицауимæ æмæ хъазахъы атаманимæ. Цыдæртæ бафтыд йæ къухы, фæлæ ма йыл архайы дарддæр дæр.

Йе 'взонджы бонтæй фæстæмæ Гела цымыдисæй хистæрты фарста æмæ æмбырд кодта йæ фыдæлты хъæу Хъорнисы истори. Æрмæст йæхи бинонтæн, йæ кæстæртæн нæ, фæлæ, кæимæ фембæлы, уыдонæн дæр йæ уарзон хъæуы истори афтæ læмбынæгæй, афтæ сæрыстыр æмæ зæрдиагæй фæдзуры, æмæ йæм адæймаг хъусынæй нал феф сæды. Йæ хъæуы хистæрты тыххæй дзургæйæ, æнæрымысгæ нæ фæвæйыы, 1937 азы азары чи бахауд, уыцы кадджын æмæ номдзыд хистæртæ Козаты Ражден, Уалыты Шакро, Хаситы Митта æмæ иннæты.

Йæ зæрдæйы арфæй, сыгъдæг æмæ рухсæй цы хъуыдытæ фæцæуы, уыдон адæймаджы бафтауынц ахæм æнкъарæнтыл:

— Хъорнисы сæрмæ —
Стъалыты ронбаст.
Сæ ирд цæхæрæй
Ком дæр ныррухс и

Цы læгтæ дзы рацыд
Адæмы 'хсæнмæ.
Сæ конд, сæ уындæн
Æмбал нæ уыди

Цы фарн, цы кад уыд,
Цы læгтæ дзы цард —
Нæ Иры зæххæн
Нывондаг фесты

Сæ норст цæхæрæй,
Фыдæлты фарнæй
Кæстæрты цырагъ
Ныр ног ыссыгъди

Уалыты сахъгуырд
Гелайы фæрцы
Сæ сыгъдæг нæмттæ
Цæрæццаг систы.

Архайы ууыл Гела æмæ йын æнтысгæ дæр бакæндзæн. Йæ амалхъомады куыст бынтон йæхи фæндиаг нæ цæуы, цы цалдæр фирмæйы йæм ис, уыдон сты Словенийы, æмæ ацы санкциты азарæй сæ цыппор проценты йеддæмæ нæ кусы. Фæлæ Гела зынтæй никуы тарст, нæ сæтты йæ ныфс ныр дæр. Хæрзаудæг æмæ хæрзгæнæгæн Хуыцау дæр тынгдæр æххуыс кæны, æмæ йæ Хуыцау æмæ адæмы хорзæх уæд. Бирæ ма йын бантысæд!

Æмбал æмбалы тыххæй

Æræджы Уалыты Гела Дзæуджыхъæуы сбæрæг кодта йæ 60 азы юбилей. Арфæ кæнынмæ йæм æрбацыдысты æрмæст йæ хиуæттæ, йæ къабæзтæ æмæ хæлæрттæ Ирыстоны Цæгат æмæ Хуссарæй нæ, Уæрæсейы алы горæттæй нæ, фæлæ ма Словенийæ дæр. Мах дзы фембæлдыстæм цалдæримæ.

Епископ МАРОВИЧ Антоний — Мæскуыйы æмæ æппæт Уырысы Патриархийы цур Сербиаг Чырыстон аргъуаны минæвар:

— Æз Гелаимæ зонгæ дæн ссæдз азæй фылдæр. Базонгæ стæм кæддæры Югославийы Словенийы.

Гела кодта хæдзарыдзаума уадзыны куыст æмæ йæ абон дæр кæны. Гела стыр æххуыс кодта аргъуанæн. Патриархы резиденцийы æххуыс кодта Сербскы чырыстон аргъуаны æппæты бæрзонддæр хæрзиуæг Сыгъдæг Саввæйы фыццаг къæпхæны хæрзиуæг læвæрд цæуы æрмæстдæр президенттæ æмæ номдзыд кадджын адæймæгтæн. Гела у мæ хорз хæлар. Мах арæх æмбæлæм Мæскуыйы, кæм службæ кæнын, уыцы аргъуаны, иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдтæн йæ хæдзары дæр. Гела у стыр хъæппæрисджын адæймаг, уарзы ногæй-ногдæр нысантæ æххæст кæнын. Уыдон та йын сты тынг бирæ. Уыимæ адæймагæн æнцон вæййы йемæ ныхас кæнын, уымæн æмæ зоны бирæ адæмты æгъдæуттæ æмæ культурæ, уæлдайдæр та ирон адæмы истори æмæ культурæ. Арæх фæдзуры ирон адæмы уазæгуарзон, хæлар, æгъдауджын миниуджытыл æмæ сæ æрмæст дзургæ нæ кæны, фæлæ сæ æвдисы хъуыддагæй.

МЕДОЙТЫ Дмитри — паддзахадон архайæг æмæ Хуссар Ирыстоны дипломат, Уæрæсейы Федерацийы Хуссар Ирыстоны фыццаг Æххæстбарджын минæвар (2009-2015):

— Уалыты Гелайы рагæй зонын, у хорз ирон læг, хорз бинонтæй, хорз мыггагæй рацæугæ. Уый йæ царды Ирыстонæн дæр тынг бирæ сарæзта. Гелайы фæрцы фæстаг азты Хуссар Ирыстон Европæйы айхъуыст. Сербиаг Крон Принц хуыйны, мæнæ къарол чи хъуамæ уа, уый, æмæ нæ уыимæ фембæлын кодта. Сербиаг Патриарх Иремеимæ нæ фембæлын кодта, рухсаг уæд, ныр нал ис. Æмæ нын стыр кад скодта сербиаг зæххыл. Хуссар Ирыстоны сывæллæттæ хæсты фæстæ æд ныййарджытæ æмæ ахуыргæнджыты йæхи хардзæй аласта Республикæ Сербскиймæ, æмæ уым иу мæй цардысты. Стыр хъуыддаг æрцыд политикон хъуыддаджы дæр. Уыцы республикæйы Президентимæ бафыстам бадзырд Хуссар Ирыстонимæ æмархайды тыххæй.

ДЗУЦЦАТЫ Тамерлан — Хуссар Ирыстон æмæ Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг:

— Ис ахæм адæймæгтæ, æмæ сæ архайд, сæ хъуыдытæ иудадзыгдæр баст сты æрмæстдæр Ирыстонимæ. Фæнды сæ, цæмæй Ирыстон уа фæрнджын, амондджын, Гелаимæ куы базонгæ дæн, уæд бамбæрстон, кæй у ахæм адæймаг. Йе 'нкъарæнтæ, йæ хъуыдытæ сты æрмæстдæр Ирыстонимæ. Фæнды йæ, цæмæй Ирыстоны уа æрмæстдæр хорздзинад. Æмæ йæм цы нысантæ, цы хъуыдытæ ис, уыдон йæ къухы куы бафтой, уæд уыдзæн тынг хорз æрмæст йæхицæн нæ, фæлæ бирæ дзыллæтæн. Гела у æцæг ирон læг, æмæ йын ноджы фылдæр бантысæд.

Юрий ДИЧЮК — Гелайы æмкурсон:

— Æз райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн Казахстаны, горæт Тургайы. Ныртæккæ цæрын Тулæйы. Мах 30 азы дæргъы æрвылаз дæр æрæмбырд вæййæм иумæ. Ацы аз та нæ йæ райгуырæн бонмæ фæхуыдта Гела, æмæ æрцыдыстæм тынг бирæйæ. Уæддæр се 'ппæтæн фадат нæ фæци æмæ не 'мкурсон, Уæрæсейы Журналистты цæдисы сæрдар Владимир Соловьев ныфс бавæрдта, Гелайы райгуырæн боны фæдыл Мæскуыйы кæй сараздзæн фынгтæ 200 адæймагæн. Не 'мкурсонтæ ам сты Мæскуы, Саратов, Тулæ, Бетъырбух æмæ Уæрæсейы бирæ æндæр горæттæй.

Ержан МАКАШ — амалхъом:

— Æз ныртæккæ цæрын Бетъырбухы, райгуырдтæн æмæ схъомыл дæн Казахстаны, Павлодарскы. Гелаимæ базонгæ стæм 1992 азы Республикæ Словенийы. Гела æнтыстджынæй кодта амалхъомады куыст Словенийы егъаудæр базарадон компанийы. Æз мæхи амондджыныл нымайын, кæй мын ис ахæм æрдхорд. Иумæ хъомыл кæнæм нæ кæстæртæ æмæ уыдон кæстæрты. Гела у тынг хорз адæймаг. Абоны онг бахъахъхъæдта, адæймагмæ цыдæриддæр хорз миниуджытæ ис, уыдон. У æнæхин, цæттæ кæдфæнды дæр зын уавæрты бахауæг адæймаджы уæлхъус балæууынмæ. У æцæг ирон, рæдау, хиуылхæцгæ, къæбæрдæттон адæймаг. Гела тынг læмбынæг æмæ биноныг æвзæрста, кæимæ кусдзыстæм, уыцы æмбæлтты, æмæ уымæ гæсгæ абон дæр уыдонимæ нын ис хорз ахастдзинæдтæ.

ГУЛУТЫ Олег — Райрæзты банк:

— Абон у диссаджы рæсугъд бон. Нæ уарзон адæймаг Гелайæн у йæ райгуырæн бон. Бирæ нысантæ æвæры йæ размæ, бирæ хорз хъуыддæгтæ саразын йæ зæрды ис, уыдонимæ — Цæгат Ирыстоны дæр, æмæ хорзæй йæ къухы бафтæд. Мæ зæрдæ йын зæгъы бирæ æнтыстытæ, фарн æмæ амонд.

Мæхæмæт — Цæцæны минæвæртты хистæр:

— Мах стæм Цæцæнæй, мемæ ма сты Хизир æмæ Руслан. Гелайы зонæм 2000 азæй фæстæмæ. Баиу нæ кодтой арæзтады хъуыддæгтæ. Йæхицæй сыгъдæгзæрдæдæр, йæ ныхасæн хицау чи у, зæрдæхæларæй æххуысмæ цæттæ чи у æмæ йæ алы ныфсбавæрд дæр афойнадыл æмæ нысангонд рæстæгыл чи æххæст кæны, ахæм адæймаг. Арæзтады хъуыддæгты та уый тынг ахсджиаг у.

Фарс бацæттæ кодта
КАСАТЫ Батрадз

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

Чемпионат цæуы Каспийскы

Уæгъдибар хъæбысхæстæй дагестайнаг горæт Каспийскы 20-24 июны сбæрæг сты Уæрæсейы фыццаг чемпионтæ нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты 'хсæн.

Фыццаг бон нæлгоймæгты ерысты ирыстойнæгтæй æнтыстджын рауад **Гобаты Артемы** архайд. Уый 57 кг онг уæзы фæд-фæдыл фæуæлахиз цыппар ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау, дунейы дыууæ хатты чемпион **Заур Угуевимæ**. Нæ 19-аздзыд богал йæ номдзыд ныхмæлæууæгимæ фембæлды дæр тырныдта æрмæстдæр уæлахизмæ. Йæ архайд уыд уæндон æмæ цырд, фæлæ ацы хатт Заур Угуев йæ фæлтæрддзинадæй хорз спайда кодта æмæ фæуæлахиз 5:0 хыгъдæй. Гобаты Артем 2-аг бынатмæ кæй рацыд, уый банымайын хъæуы хорз æнтыстыл.

21 июны ерысы чи баны минæвæртты архайд рауад ноджы æнтыстджындæр. Иттæг сæрæн архайд кодта **Уалыты Чермен**. Уый фæуæлахиз фондз ныхмæлæууæгыл æмæ кæронбæттæны фембæлд зындгонд богал **Тимур Бижоевимæ.** Сæ хъазуатон ныхмæлæуды Чермен равдыста хорз техникон æмæ тактикон цæттæдзинад æмæ йын бантыст рамбулын 2:1 хыгъдæй. Ацы уæзы ма 3-аг бынат бацахста **Байаты Давид**. Иттæг хорз рауад сылгоймæгты ерысты **Кæсæбиты Алинæйы** архайд. 62 кг онг уæзы Алинæ равдыста стыр уæлахизмæ тырнынад æмæ йæ цыппар ныхмæлæуджытыл фæуæлахиз æмгъуыдæй раздæр. Алинæ хорзæхджынгонд ссис сыгъзæрин майданæй.

Знон, 23 июны, бæрæггонд цыдысты уæлахиздзаутæ 86 кг æмæ 92 кг.

Уыцы уæзты цы ирыстойнаг богæлттæ хæцыд, уыдонæй кæронбæттæнмæ рацыдысты **Багаты Аслан** (86 кг) æмæ **Уалыты Владислав** (92-кг).

УАЛЫТЫ Чермен

КÆСÆБИТЫ Алинæ

Æртыккаг бынат бацахсыныл ерыс кæндзæн **Найфонты Артур** (86 кг).

Абон чемпионаты сбæрæг уыдзысты иннæ æртæ уæзы (79, 97 æмæ 125 кг онг) уæлахиздзаутæ æмæ призон бынæттæ бацахсджытæ дæр.

БАСКАТЫ Уырызмæг

Дзырдбыд



ФÆРСЫРДÆМ: 7. Дурын. 8. Фосхызт боны кæрон. 9. Дарæсы хай. 10. Горæт Эстонийы. 12. Стыр гæккуыри. 15. Доны цæуæн фæрæз. 17. Цæрæгойæн цардыхос. 18. Уидаг, халсар. 20. Курорт Сау денджызмæ хæстæг. 21. Гæдиаты Цомахъы æмдзæвгæ. 22. Къахы хай. 23. Электрон тыхы тыхбарæн иуæг. 25. Цардæмбайлаг. 28. Рагон транспорты хуыз. 30. Буары хай. 31. Доны арф. 32. Мыдыбындзыты разамонæг. 35. Быдзæу. 37. Литературон уацмыс. 38. Ерысæй куыст. 39. Бæласы мыггаг.

БЫНЫРДÆМ: 1. Бæхифтындзæн дзаума. 2. Доны бынтæ, æрбадæнтæ 3. Хорз сывæллоны æвзагæй. 4. Ирон нæлгоймаджы ном. 5. Композитор Хачатуряны ном. 6. Хъыбылджын хуы. 10. Дзабырхуыйæджы кусæнгарз. 11. Тæхæг маргъ. 13. Зындгонд кадæггæнæг Сланты ... . 14. Буары лыстæг хай. 16. Уæрдонфæндаг фæсвæд ран. 18. Зындгонд англисаг фыссæг. 19. Коцойты Арсены радзырд "Ханиффæйы мæлæт"-ы архайæг. 23. Австрийы сæйраг горæт. 24. Згъæрхуд. 25. Рынчыны дзæбæх кæныны фæрæзтæй иу. 26. Паддзахады кадджын зарæг. 27. Паддзахад Европæйы. 29. Паддзахад Европæйы. 33. Сылгоймаджы ном. 34. Æфсæддон хай. 35. Хъæдын егъау нуазæн. 36. Рагон хæцæнгарз.

Дзуаппытæ 17 июны мыхуыргонд дзырдбыдæн

ФÆРСЫРДÆМ: 4."Дзывылдар". 6. Сапон. 7. Æндон. 8. Донор. 12. Атто. 14. Минæвар. 15. Æртæ. 16. Аслæнбег. 17. Хъуыдинæ. 19. Тæга. 20. Гæнгæлы. 21. Ригæ. 24. Задын. 25 Куырд. 26. Инжир. 28. "Æхсаргард".

БЫНЫРДÆМ: 1. "Ныфс". 2. Цыппæræм. 3. Аден. 4. Дагом. 5. Реком. 7. Æртиссæдз. 9. Рæтæнагъд. 10. "Нигеræн". 11. Уагъылы. 13. Осака. 15. Æлдар. 18. Агаджари. 22. Чыссæ. 23. Куывд. 26. "Иссæ". 27. Риал.

Æрыгæтты сæрд

Æнахъомтæн — куыст

Ацы аз 1100 цæгатирыстойнаг æнахъомæн куыст раддзысты. Ныридæгæн 500 æнахъомы фæллой кæнынц алыхуызон куыстуæтты, стæй æхсæнадон куыстытæ æххæст кæнынц.

Ацы хабар фехъусын кодта нæ республикæйы Адæмæн куыстдæттæг комитеты сæрдары хæдивæг Эллæ Авакова.

— Æнахъомæн ис фæзуат æфснайыны, кæнæ æндæр кустытæ æхæст кæныны бар. Зæгъæм, хæсты архайджыты уæлмæрдтæ æфснайд кæмæ гæсгæ æрцæуынц, нæ ведомствæ Уæлахизы боны кадæн саразы ахæм акци "Уæлахизы бындартæ". Нæ комитет æнахъомтæн бафиды 2250 сомы, куыстдæттæг та ацы æхцамæ бафтауы æртæ-цыппар мин сомы, — загъта бæрнон сылгоймаг.

Уæ зæрдыл уын лæууын кæнæм: Уæрæсейы "Фæллойадон кодекс" æнахъомты фæллойы фæтк биноныг амоны. Зæгъæм, 16 азы кæуыл нæма сæххæст, уыцы æнахъомтæ къуырийы дæргъы хъуамæ кусой тæккæ фылдæр 24 сахаты, 16 азæй 18 азы онг кæуыл цæуы, ахæм æнахъомтæ та — тæккæ фылдæр 35 сахаты дæргъы. Æнахъомты фылдæр хай кусы скъолаты бындурыл арæзт сæрдыгон фæллойадон лагерты.

ДАТИТЫ Ольгæ

Барадон фæтк

Рæвдауæндоны уавæр

Горæтгæрон районы Джызæлы рæвдауæндоны сывæллæтты дарынæн нывыл уавæртæ нæй, зæгъгæ, ахæм хабар раст у æви нæ, слестгæнджытæ уый бæлвырд кæнынц.

Ацы хабар фехъусын кодта Уæрæсейы Слестгæнæн комитеты цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ. Интернеты чи фæзынд, уыцы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, ныйæрджытæ хъаст кæнынц, Джызæлы 8-æм рæвдауæндоны сывæллæтты дарынæн нывыл уавæртæ кæй нæй, уымæй.

"30 азæй фылдæры дæргъы рæвдауæндон бындуронæй не сцалцæг кодтой, сывæллæтты кæм дарынц, уыцы агъуыстытæ иудадзыг вæййынц уымæл, пъадвалы донуадзæн хæтæлтæй дон тæдзы, сывæллæттæ кæрты кæм хъазой, ахæм бынат сын нæй", — фыст ис хъусынгæнинаджы.

Рæвдауæндоны сывæллæтты нывыл уавæрты дарыны фæдыл бæрндзинад кæмæ хауы, уыцы хицауиуæггæнæг адæймæгтæ исты архайынц æви нæ, слестгæнджытæ уый сбæлвырд кæндзысты.

Нæ уацхæссæг

Арфæ

Джыккайты Русланы чызг Светланæйæн



Царды бирæ хорз адæймæгтыл сæмбæлы лæг. Тæхуды дæр сæм бакæны адæймаг сæ уæздандзинад æмæ рæсугъд зондахастæй. Хорздзинад та кæдфæнды дæр фæзминаг у нæ алкæмæн дæр.

Æрыдонæй рацæуæг сылгоймаг Джыккайты Руслан æмæ Тедион-Еленæйы чызг Светланæ цæры æмæ кусы Дзæуджыхъæуы салонтæй иуы. Ис ын хæдæфсарм, ахуыргонд чызг Викæ, Мæскуыйы райста уæлдæр ахуырад. Уымæн ма та ис гыццыл хъæбул, хуыйны — Алания.

Иу ныхасæй, ацы бонты йæ райгуырæн бон бæрæг кæны Джыккайты Светланæ. Хæларзæрдæ, бонзонгæ сылгоймаг, ис ын хорз, Ирыстоны нымад æфсымæртæ: Юрик, Славик, Виталик, уыдоны кæстæр хо Индирæ. Тынг разы æмæ сæрыстыр у сæ уыдонæй, хоны сæ йæ ныфс æмæ базыртæ!

Æнгом бинонтæ, дам, цард арынц! Сæ алы хъуыддаг дæр, сæ бæрæгбæттæ бинонтæ саразынц иумæ, æрæмбырд вæййынц ныйæрджыты хæдзармæ, сæ цины рæстæг иумæ уарзонæй арвитынц.

Адæмуарзон Джыккайты бинонтæ сты æгъдаухæссæг. Ныртæккæ Ирыстоны кувæн къуыри у. Хуыцау æмæ йе сконд зæдты фæндиаг ут, кæрæдзи уарзонæй бирæ азты фæцæрут!

Дæуæн та, нæ зынаргъ, нæ уарзон Светланæ, нæ зæрдæ зæгъы сылгоймаджы амонд æмæ кæстæрты рæсугъддзинад!

Мады-Майрæм дыл кæддæриддæр йæ хъарм арм æвæрæд!

Людæ, Валя æмæ Зифæ



Алагиры районæй

Аивгæнæн змæлд

Районы сæргъæууæг ДЗАНТИАТЫ Ислам куыд фехъусын кодта, афтæмæй Хетæджы къох аив кæныны фæдыл куыстытæ æххæстгонд цæуынц.

— 2 æмæ 9 июлы бæрæг кæндзысты Хетæджы бон. Ацы бæрæгбонмæ къохы фæзуат цæттæ кæнæм. Фæндыд нæ бæрæгбоны размæ къохмæ цæуæг фæндаджы хай асфальтæй бамбæрзын, фæлæ ацы куыст бæрæгбоны фæстæ баххæст кæнын бахъæудзæн. Æфснайæн куыстытæ æххæст кæнæм Хетæджы къохы, спонсортæ æмæ районы администрацийы бюджеты фæрæзты хардзæй, — загъта Дзантийы-фырт.

Хицауиуæггæнæг адæймаджы ныхасмæ гæсгæ, æфснайæн куыстытæ æххæст кæнын райдыдтой дыууæ мæйы размæ.

Нæ уацхæссæг

Номарæн

Мысдзысты хъæбатыр æфсæддоны



35 азæй фылдæр нæ фæцард ацы рухс дунейы Заводы поселочы цæрæг Хъамболты Аслæмбег æмæ Тамарæйы læппу Игор. Сæрмагонд æфсæддон операцийы нæ хъæбатыр æфсæддонты раззаг рæнхъыты, æдæрсгæйæ æгъатыр знаджы ныхмæ цæугæйæ, йæ цард радта нæ Фыдыбæстæйы хæдбардзинад æмæ сæрибар сомбоны сæраппонд.

Йæ фæстæ баззадысты æнæкæрон стыр зæрдæрыст æмæ цæссыгкалгæйæ ныйæрджытæ, цардæмбал Маргаритæ... Сæ фыды та, кæдмæ цæрой, уæдмæ мысдзысты гыццыл Кермен æмæ Хетæг. Цы чындæуа, алкæмæн дæр, æвæццæгæн, йæ хъысмæт йемæ райгуыры...

Хъамболты Игорæн йæ хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй паддзахад саккаг кодта "Хъæбатырдзинады орден" (йæ мæлæты фæстæ). Уый тыххæй Указ бафыста Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путин.

Хъамболты бинонтæ бузныг зæгъынц, сæ зыны сахат, Хъамболты Аслæнбеджы фырт Игоры зианы бон сæ фарсмæ чи æрбалæууыд, сæ рис сын чи фæрогдæр кодта, уыцы æрцæуæг дзыллæйæн, æмæ хъусын кæнынц, йæ дыууиссæдзæм боны кæнд кæй уыдзæн абон, 24 июны, сабаты, Заводы поселочы, Даргъ-Къохы уынджы 33-æм хæдзары.

ГÆЗЗАТЫ Маргаритæ

Чи фæмард, уыдонæн...

Сау рæстæг та скодта абон...
Сæмбæлд бирæтыл бæллæх...
Тугдзых адæмтæй цæрæнбон,
Нæй, нæма ыссыгъдæг зæхх.

Рухсаг ут, зынаргъ læппутæ,
Хæст уын аскъуыдта уæ цард.
Сты уæззау цæфтæ уæ удтæ,
Хъизæмæртты фестут мард.

'Хсæм цæссыгæй мах уæ фæндаг,
Бабæззæд уын уый мæрдты.
Иу дæр уæ нæ уыд 'нæуæндаг.
Стут хæссинаг нын хæрдты.

Арф фæд зæрдæты ныууагътат,
Зонæм, уыд цыбыр уæ цард.
Знаджы ныхмæ тох куы кодтат,
Туджы 'ртахæй хордтат ард.

Стæм сæрыстыр ахæм фырттæй
Райгонд — Райгуыræн бæстæ.
Бахъæугæ сахат сымахæй
Иу нæ фæлæууыд фæстæ.

Никуы фесæфдзæн уæ намыс!
Алкæй ном уыдзæн нымад.
Мах ныллæг нæ сæртæй кувæм
Уе схæсджытæн — стыр — сæ кад.

РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

Ремонт стиральных машин и холодильников. Тел.: 8-988-835-55-50 (Азамат); 8-963-377-80-00 (Борис).

Хозиты мыггаг хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны сæ хæрæфырт Челдыты Русланæн, йæ бинойнаг
ЦЫРЫХАТЫ
Хадзымураты чызг Фатимæ
кæй амард, уый фæдыл.
Зиан рахæсдзысты абон, 24 июны, сабаты, Дзæуджыхъæуы, Хъесайы-фырты уынджы 19-æм хæдзарæй.

Номыры радхæссæг редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Саутæты Тамилæ.**
Дизайн: 1-аг æмæ 2-аг фæрстæн — **Рубайты Нелли;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 3-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты

Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"

Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)

Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис

Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редактортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16, Хæмыцаты Морис — 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ — 25-96-31.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргъæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдонył бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.

Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3434.
Заказ № 730.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

Email: rastdzinad@mail.ru
Сайт: www.rastdzinad.ru